



CARBON MONOXIDE POISONING

Aprè Yon Kadijans, Pwoteje Tèt ou Kont Anpwazònman Monoksid Kabòn

Haitian Creole translation of "Protect Yourself from Carbon Monoxide Poisoning After an Emergency"
(www.bt.cdc.gov/disasters/carbonmonoxide.asp)

Pa janm sèvi ak dèlko, griy, recho kan, oubyen lòt gazolin, propàn, gaz natirèl, oubyen aparèy ki sèvi ak chabon anndan kay, sousòl, garaj, oubyen machin mobil pou kan – oubyen menm deyò tou prè yon fenèt.

Monoksid Kabòn (CO) se yon gas ki pa genyen ni sant ni koulè, li ka lakòz maladi sibit avèk lanmò sibit si w respire li. Lè yo pran kouran pandan ijans tankou siklòn oubyen tanpèt ivè, eseye chèche lòt sous pou gas oubyen elektrisite pou w chofe, rafrech, oubyen fè manje. CO ki soti nan sous sa yo kapab akimile anndan kay, garaj, oubyen machin mobil pou kan epi li ka anpwazonnen moun ak bèt anndan yo.

Si w santi w twò cho oubyen twò frèt, oubyen si w bezwen prepare manje, pa pran risk pou ni oudenm ni fanmi ou – mande zanmi ou oubyen kominote a èd. Si l nesèsè pou w sèvi ak yon lòt sous pou gaz oubyen elektrisite, fè tout mwayen posib pou w sèvi ak yo deyò sèlman epi lwen fenèt yo.

Chak ane, plis pase 400 moun mouri akòz aksidan anpwazonnenman CO. Ou jwenn CO nan lafimen ki fèt nan reyaksyon chimik, tankou ti motè gazolin, recho, dèlko, antèn, avèk recho gas, oubyen lè w boule chabon ak bwa. CO ki soti nan sous sa yo kapab akimile nan espas ki fèmèn oubyen ki preske fèmèn.

Moun ak bèt ki viv nan espas sa yo ka anpwazonnen, epi yo ka mouri lè yo respire CO nan yon espas ki fèmèn oubyen ki preske fèmèn.

Kijan pou w rekonèt anpwazònman CO

Rankont ak CO ka lakòz endispozisyon ak lanmò. Sentòm ki pi komen nan anpwazonnenman CO se maltèt, toudisman, feblès, kèplen, vomisman, doule pwatrin, avèk twoub. Moun kap domi oubyen ki tap bwè alkòl ka mouri akòz de CO san yo pa janm genyen okenn sentòm. Si w panse ou genyen anpwazònman CO, konsilte yon pwofesyonèl ki pran swen sante imedyatman.

Konsèy Enpòtan

- Pa janm sèvi ak recho a gas oubyen fou pou w chofe yon kay.
- Pa janm sèvi ak griy chabon, griy ibatchi, antèn, oubyen recho pòtab anndan yon kay, yon tant, oubyen yon machin mobil pou kan.
- Pa janm kite dèlko, machin ki sèvi ak presyon pou lave, oubyen nenpòt lòt motè ap mache anndan yon sousòl, garaj, oubyen lòt kote ki fèmèn, menm si pòt yo oubyen fenèt yo ouvri, amwenske se yon pwofesyonèl ki te enstale aparèy yo epwi lè a byen sikile. Pran prekosyon pou griyay yo ak tib pou lafimen yo pa bloke ak fatra, espesyalman lè gen gwo van. Frata kap vole ka bloke liy ventilasyon yo.
- Pa janm kite yon vwati, dèlko, machin ki sèvi ak presyon, oubyen nenpòt lòt motè ap mache deyò tou prè yon fenèt oubyen yon pòt kote lafimen an ka antre yon kote ki fèmèn.
- Pa janm kite motè yon machin ap mache pandan l pake nan yon kote ki fèmèn oubyen ki preske fèmèn tankou yon garaj.

Aprè Yon Kadijans, Pwoteje Tèt ou Kont Anpwazònman Monoksid Kabòn
(kontinye soti nan paj avan sa a)

For more information, visit www.bt.cdc.gov
or call CDC at 800-CDC-INFO (English and Spanish) or 888-232-6348 (TTY).